Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 16.8 MILYON DOLA KI DISPONIB POU EDE KILTIVATÈ TOUPATOU NAN ETA A KONBAT ENPAK CHANJMAN KLIMATIK YO

Finansman yo bay atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal Eta a pral ede fèm yo ogmante efò pou dirabilite ak rezistans yo fas ak fenomèn metewolojik ekstrèm

Dat limit pou aplikasyon pou Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la se lendi 23 novanm 2026

Pandan Semèn Klima Vil Nouyòk la, Gouvènè Hochul te anonse gen 16.8 milyon dola ki disponib atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik (Climate Resilient Farming, CRF) pou pwojè ki pral ede abòde enpak chanjman klimatik epi pwoteje kalite dlo nan tout Eta Nouyòk. Pwojè ki finanse yo vize ede kiltivatè Nouyòk yo diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, pwoteje kalite dlo, pwoteje ak amelyore sante tè a, epi ogmante rezistans fèm yo. Opòtinite finansman sa yo baze sou efò Gouvènè a pou sipòte pwogram ak inisyativ ki konbat chanjman klimatik epi ankouraje prezèvasyon resous natirèl Eta a.

"Li enpòtan pou nou kontinye bay kiltivatè nou yo bon jan resous pou yo kapab adapte yo ak yon klima k ap chanje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la pèmèt kiltivatè nou yo mete an aplikasyon pratik ki pral ranfòse aktivite yo, pandan y ap pwoteje resous natirèl nou yo epi soutni avni agrikilti Nouyòk."

Pwogram CRF la, Fon Pwoteksyon Anviwònmantal Nouyòk la finanse, konsantre sou ede kiltivatè yo diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, ogmante sekestrasyon kabòn nan fèm yo epi redui enpak move tan grav ki gen rapò ak chanjman klimatik, tankou ogmantasyon gwo tanpèt, jèl bonè nan sezon prentan ak peryòd sechrès. Kounye a, pwogram lan nan dizyèm seri finansman li, epi gen finansman ki disponib nan kat kategori.

Kategori 1 – Jesyon betay: Jesyon Fimye ak Metàn ak Jesyon Presizyon nan Alimantasyon
Pwojè yo pral diminye emisyon metàn nan fèm nan epi ogmante rezistans fèm nan kont gwo evènman presipitasyon yo.

Kategori 2 – Adaptasyon ak rezistans
Pwojè yo pral ede pwodiktè agrikòl yo prepare pou enpak chanjman klimatik, tankou inondasyon, sechrès ak varyasyon ekstrèm tanperati.

Kategori 3 – Tè ki an sante nan Nouyòk: Sistèm ak pi bon pratik jesyon ki sipòte sante tè ak agwo-forestasyon
Pwojè yo pral amelyore sante tè sou fèm yo epi ogmante rezistans yon fèm kont enpak chanjman klimatik. Pratik sante tè yo ka tou kreye rezèv kabòn, ogmante kapasite tè a pou kenbe dlo, epi amelyore resiklaj azòt atravè rekòt yo, sa ki ede diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik.

Kategori 4 – Jesyon forè agrikòl
Pwojè yo pral sipòte jesyon forè ak plante pyebwa sou tè agrikòl pou retansyon kabòn.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta Nouyòk la, Richard A. Ball te deklare, "Nou fyè de Pwogram Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la ak kantite moun li rive atenn depi yo te lanse li. Chak ane, pwogram nan resevwa plis demann nan men Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nou yo ak nan men kiltivatè nou yo k ap chèche devlope solisyon dirab pou abòde defi ki asosye ak chanjman klimatik. Pwogrè nou wè toupatou nan Eta a gen yon gwo enpak, epi travay nou an poko fini. Nou ankouraje Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nou yo travay avèk kiltivatè yo pou yo aplike."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Amanda Lefton, te deklare, "Kiltivatè yo jwe yon gwo wòl nan ede diminye emisyon gaz a efè sè, sa ki asire yon anviwònman pwòp ak manje ki an sante, epi fè avanse yon avni pi vèt pou Nouyòkè yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la felisite Gouvènè Hochul pou envestisman kontinyèl li nan sektè agrikòl la epi li remèsye patnè nou yo nan Depatman Agrikilti ak Mache yo poutèt yo bay kiltivatè yo resous yo bezwen pou abòde enpak chanjman klimatik, ogmante rezistans epi amelyore dirabilite atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la."

Nan nèf faz finansman yo jiska jodi a, yo te bay 94 milyon dola atravè pwogra CRF la pou 713 pwojè sou fèm, epi yo estime pwojè sa yo pral redui plis pase 639,483 tòn metrik ekivalan gaz kabonik (CO_2e) pandan dire lavi yo prevwa pou pwojè yo, sa ki ekivalan ak retire 149,163 machin ki mache ak gaz sou wout la pandan yon ane. Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Konte Eta a ka aplike kounye a pou sibvansyon konpetitif sa yo nan non kiltivatè yo. Pwojè yo pwopoze yo ta dwe baze sou pwosesis Jesyon Anviwònman Agrikòl (Agricultural Environmental Management, AEM) Eta Nouyòk la epi sipòte priyorite lokal AEM yo. Aplikasyon ak enfòmasyon adisyonèl yo disponib sou sitwèb Depatman an.

Dat limit pou soumèt pwopozisyon pwojè yo **se 23 novanm 2026 a 5:00 p.m.** Pwogram CRF la sèvi kòm yon eleman nan kad Jesyon Anviwonmantal Agrikòl (AEM) la, ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon

anviwònmantal ak sistèm agrikòl ki pi efikas, ki pi rantab. Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Konte a itilize kad AEM lan pou ede kiltivatè ki enterese yo atravè plizyè etap planifikasyon ak mizanplas yo pou yo pran desizyon ki akse sou lasyans epi ki rantab. Konsa, kiltivatè yo ap kapab atenn objektif komèsyal yo pandan y ap konsève resous natirèl eta a.

Prezidan Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta Nouyòk, Matt Brower, te deklare, "Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la deja fè kiltivatè yo adopte anpil pratik ki ede diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ki soti nan agrikilti, epi ki ede yo redui enpak chanjman klimatik. Pwogram nan pèmèt kiltivatè yo pwoteje ak amelyore lòt resous natirèl tou. Pwogram sa a reyisi grasa gwo travay an ekip ant kiltivatè yo ak Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo lokal yo."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Kiltivatè Nouyòk yo travay di anpil pou pwodui manje nou yo, pandan y ap fè fas ak presyon move tan grav, ensèk nuizib anvayisan ak lòt enpak klimatik ki afekte dirèkteman travay yo chak jou ak kantite rekòt yo pwodui. Nou bezwen yo, epi yo bezwen tout sipò nou atravè pwogram Eta a ki ede kenbe tè ak dlo nou yo an sante. Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la se youn nan inisyativ fondamantal ki bay sipò sa a. Mwen te fyè dèske mwen te ede defann pwogram enpòtan sa a atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF), epi mwen ankouraje Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo yo travay avèk kiltivatè lokal yo pou aplike pou sibvansyon sa yo."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pou dizyèm ane a, Pwogram Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik Nouyòk la pral bay kiltivatè yo resous yo bezwen pou ranfòse aktivite yo pandan y ap pwoteje resous natirèl nou yo. Envestisman sa yo ede kiltivatè yo amelyore sante tè a, pwoteje kalite dlo, diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik epi prepare yo pou enpak move tan ekstrèm. Finansman pou pwogram enpòtan sa a toujou yon gwo priyorite nan bidjè a, epi nou ankouraje Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nou yo anpil pou yo travay avèk kiltivatè yo pou yo pwofite opòtinite sa yo otank posib."

Angajman Gouvènè Hochul anvè Ajanda Klimatik la
Anba lidèchip Gouvènè a, Bidjè Ane Fiskal 2027 lan bay 83 milyon dola atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la, pou pwogram ak inisyativ agrikòl, tankou Pwogram Jesyon Sous Difiz Agrikòl la ak pwogram sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Klima a, k ap ede kiltivatè yo mete anplas pratik ki dirab sou plan anviwònmantal epi konbat chanjman klimatik la.

Sa gen ladan yon ogmantasyon 1 milyon dola pou Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo yo, ak finansman kontinyèl pou pwogram Agrikòl ki Rezistan a Klima, ansanm ak etablisman nouvo inisyativ tankou Kowalisyon Lès Finger Lakes (Eastern Finger Lakes Coalition), ki ap fè envestisman dirèk kle nan Kowalisyon Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Lès Finger Lakes yo pou sipòte pwojè agrikòl ki gen rapò ak rezistans nan fèm ak kominote yo. Sa ap enkli tou sipò pou kiltivatè yo pou envesti nan plis rekòt, amelyore ponso yo pou

diminye ewozyon tè ak dlo k ap koule sou sifas tè a pou antre nan kò dlo yo, ak lòt envestisman pou amelyore sante tè a epi diminye pwoblèm kalite dlo nan rejyon an.

Anplis de sa, Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 ki koute 4.2 milya dola ke elektè yo apwouve a ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo.

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk
Ajanda klima Eta Nouyòk la mande yon tranzisyon abòdab e jis pou yon ekonomi enèji pwòp ki kreye travay ki sipòte fanmi yo, ankouraje kwasans ekonomik atravè envestisman vèt, epi dirije omwen 40 pousan nan benefis yo bay kominote defavorize yo. Nouyòk ap avanse yon seri efò pou reyalize yon ekonomi san emisyon, tankou nan sektè enèji, bilding, transpò ak dechè. Eta a ap travay tou pou debouse fon istorik 2 milya dola pou Pwogram Avni Dirab (Sustainable Future Program) la, ki pral bay finansman sible pou diminye emisyon, diminye depans enèji nan kay yo, epi ankouraje kwasans djòb vèt yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.